# «Аўызбиршиликте – бир жағадан бас шығарып»

**Ҳәммеңизге белгили, елимизде коронавирус инфекциясы тарқалыўының алдын алыў бойынша көлемли илажлар әмелге асырылмақта ҳәм усы илажлар өзиниң унамлы нәтийжесин берип, коронавирус инфекциясынан айығып атырған пуқаралардың саны күннен күнге артып бармақта.**

Image not found or type unknown

Бирнеше күннен берли ҳүрметли Президентимиздиң басламалары тийкарында Республикалық арнаўлы комиссияның қарарлары менен избе-изликте карантин қағыйдалары да жумсартылмақта.

Деген менен, карантин қағыйдалары жумсартылғаны олардың улыўма бийкар етилди дегени емес! Бизлер қәўипсизлик ҳәм инфекцияның алдын алыў илажларына әмел етиўди умытпаўымыз керек. Коронавирусты жуқтырып алыў қәўипи еле де актуал – буны елимизде коронавирус пенен жаңа кеселлениўшилик жағдайлары болып атырғанынан түсинсек болады.

Коронавирус жуқтырып алыў қәўипи еле бар ҳәм карантин қағыйдаларының жумсартылыўы пуқаралардың мәпи есапқа алып атқарылған илаж ҳәм оны бизлер надурыс түсинип, арқайынлыққа берилиўимиз керек емес. Анық мүтәжлик болмай турып, еркин көшеге шығыўдан өзимизди еле де иркип турыўымыз, коронавирус қәўипине жуўапкершиликти босастырмаўымыз тийис. Және, карантин қағыйдалары жумсартылып, жумыс ислеўине руқсат етилген кәрханалар басшылары өзлерине хызметкерлериниң ҳәм қарыйдарлардың қәўипсизлиги ушын үлкен жуўапкершилик жүкленетуғынын түсиниўи лазым.

Хабарлардан өзлериңиз билип атырсыз, өзине коронавирус жуқтырған адамның кесиринен инфекция басқаларға геометриялық прогрессия ҳалында тарқайды. Көбинесе ата-аналар ҳәм бала-шағалар жәбир көреди. Элементар профилактикалық ҳәм өзин шеклеў илажларина әмел етпеўдиң ақыбетинде өмиримизге қәўип дөниўи ҳәм бирнеше онлаған күн даўамында үйреншикли үй

жағдайымызды емлеўханаға алмастырыўымызға мәжбүр етеди. Бул ата-анамызға ҳәм бала-шағамызға унай ма?

Әсиресе ҳәзир жүдә жуўапкерли ўақыт, өйткени карантин илажларының жумсарыўы коронавирустың енди жоқ ямаса ол қәўипсиз болғаны емес. Бизлер өзгермели сыртқы орталықтың жаңа шараятларында жасаўды ҳәм жумыс ислеўди үйрениўимиз тийис. Усы әҳмийетли шәртти егер де ҳәммемиз дурыс түсинсек – сонда карантинди мәжбүрий күшейтиўдиң алды алынады ҳәм оның қағыйдаларының келеси жумсарыўы тезирек әмелге асады.

Халқымыздың әжайып «Аўызбиршиликте – бир жағадан бас шығарып» деген дана гәпи бар. Инфекцияның тарқалыўының алдын алыўға бағдарланған өзин шеклеў илажларына әмел етсек, буған ҳәрбир пуқара, ҳәрбир аўыл, ҳәрбир кәрхана, қала ҳәм район жуўапкершилик пенен жантасса, вирусқа қарсы гүрести турақлы даўам етсек – онда коронавирус инфекциясын қадағалаўға ерисемиз!

**Өзиңизди ҳәм жақынларыңызды сақлаң!**